

Pou anplwaye k ap Pran Swen Moun Lakay yo

Tarif Salè Minimòm pou chak èdtan pou Endistri Divès ki aplikab 31/12/2022 – 30/9/2023

Daprè Lwa Sante Piblik la § 3614-f aplikab pou

Moun k ap bay Swen Nan Kay jan sa dekri daprè Lwa Sante Piblik § 3614-c

Vil Nouyòk

Salè Minimòm \$17.00

Lè sipleman tè aprè 40 èdtan \$25.50

Long Island ak Konte Westchester

Salè Minimòm \$17.00

Lè sipleman tè aprè 40 èdtan \$25.50

Rès nan Eta Nouyòk

Salè Minimòm \$16.20

Lè sipleman tè aprè 40 èdtan \$24.30

Si w gen kesyon, ou bezwen plis enfòmasyon oswa w vle depoze yon plent, tanpri ale sou

www.labor.ny.gov/minimumwage oswa rele: **1-888-469-7365**.

Kredi ak Alokasyon ki kapab redwi peman w anba pousantaj salè minimòm nan endike anwo a:

- **Manje ak lojman** – Travay ou ka reklame yon kantite lajan limite nan salè w pou manje ak lojman ke yo ba ou, depi yo pa chaje w pou okenn lòt bagay ankò. Tarif ak egzijans yo etabli nan òdonans salè ak nan rezime yo, yo disponib sou entènèt.

Pèman anplis ou ka dwe anplis de pousantaj salè minimòm ki endike anwo a:

- **Sipleman tè** – Yo dwe peye w 1½ fwa kòb yo abitye peye w la (pa pi piti pase montan ki mansyone pi wo a) pou lè pa semèn ki depase 40 èdtan (oswa 44 pou anplwaye ki nan rezidans).
- **Pèman paske yo rele w vin travay** – Si w al travay daprè orè ou genyen an epi patwon ww la voye w lakay ou bonè, yo dwe peye w pou rès lè yo nan pri salè minimòm nan pou jou a.
- **Kantite lè travay** – Si jounen travay ou dire plis pase dizèdtan, yo dwe peye w pèman anplis chak jou. Montan chak jou a egal a inèdtan pèman nan pri salè minimòm lan.
- **Antretyen inifòm** – Si ou lave inifòm ou, ou ka gen dwa a yon salè sipleman tè chak semèn. Pousantaj chak semèn la disponib anliy.